**O`zbekstan  Respublikası Xalıq bilimlendiriw Ministrligi**
**A`jiniyaz atındag`ı No`kis Ma`mleketlik pedagogikalıq institutı**

**ZAMIRA QURBANIZOVA**

# «TA`RBIYa ISLER METODIKASI»

pa`ni boyınsha «Baslawısh ta`lim ha`m sport ta`rbiyalıq is» ta`lim bag`darı talabaları ushın lektsiya tekstleri

NO`KIS

# MAZMUNI

| № | Temalar | Saatlar |
|---|---|---|
| 1 | Klasstan ha`m mektepten tıs ta`rbiyalıq isler metodikası kursı ha`m kontseptsiyası | 4 |
| 2 | Klasstan ha`m mektepten tıs ta`rbiyalıq islerdi sho`lkemlestiriwdin` ilimiy-teoriyalıq tiykarları | 6 |
| 3 | Ta`rbiyalıq islerdin` formaları ha`m olardı sho`lkemlestiriwge qaratılg`an tayarlıq algoritmi | 4 |
| 4 | Klasstan ha`m mektepten tıs ta`rbiyalıq islerdi rejelestiriw. | 2 |
| 5 | Sho`lkemlestiriwshi ha`m onın` xızmetin alıp barıw metodikası | 2 |
| 6 | Shan`araqta ha`m ken` ja`miyetshilikte bala shaxsının` qa`liplesiwi. | 2 |
| | Ja`mi | 20 |

## 1-TEMA. KLASSTAN HA`M MEKTEPTEN TIS TA`RBIYALIQ ISLER METODIKASI KURSI HA`M KONTSEPTSİYASI

### REJE

1. Ta`rbiya, ta`rbiyalıq isler ha`m ta`rbiya isler metodikası haqqında ulıwma tu`sinik
2. Ta`rbiya isler metodikası ha`m shaxstı pedagogikalıq qollap-quwatlaw
3. Klasstan ha`m mektepten tıs ta`rbiyalıq isler kursı ta`rbiya isler metodikası pa`ninin` ayırıqsha tarmag`ı sıpatında

**Tayanısh tu`sinikler:** Ta`rbiya, ta`rbiyalıq isler, ta`rbiya isler metodikası, shaxstı pedagogikalıq qollap-quwatlaw, klasstan ha`m mektepten tıs ta`rbiyalıq isler

O`zbekstan Respublikasının` g`a`rezsizlikke erisiwi ha`mde o`z mustaqil siyasiy,ekonomikalıq ha`m sotsial jolına iye bolıwı, xalıq xojalıg`ının` tu`rli tarawlarında, tiykarınan, xalıq ta`limi diziminde o`sip kelatırg`an jas a`wlad ta`lim–ta`rbiyası menen barlıq protsessin qayta ko`rip shıg`ıwda taqaza etedi.

ha`zirgi waqıtta, pa`n ha`m ma`deniyattın` son`g`ı tabısları tiykarında keleshegimiz bolg`an jas a`wladtı turmısqa tayarlawdın` na`tiyjeli forma ha`m metodikaların izlew ju`da` za`ru`r.

O`zbekstan Respublikasi Prezidentining «Ruwxıylıq ha`m ag`artıwshılıq» ja`ma`a`tshilik orayı xızmeti n ja`nede rawajlantırıw ha`m na`tiyjelegin asırıw tuwrısında» g`ı parmanında ko`retilip o`tilgendey, ja`miyette joqarı ruwxıylıq pa`ziyletlerin kamal taptırıw, milliy ideologiyalıq qa`liplestiriw, jaslardı bay ma`deniy miyrasımızg`a, tariyxıy da`stu`rlerimizge, ulıwmainsanıylıq qa`diriyatlarg`a hu`rmet, watang`a muxabbat, g`a`rezsizlik ideyalarına sadaqat ruwxında ta`rbiyalaw ma`mleketimizde a`melge asırılıp atırg`an ba`rshe reformalardı sheshiwdi faktor.

Klasstan ha`m mektepten tıs ta`rbiyalıq jumıslardın` na`tiyjeligin asırıw en` aldı menen kamil insandı qa`liplestiriwdin` en` zamanago`y ha`m qluay bag`darların tawıp en`giziwge baylanıslı. Usı Kontseptsiya ha`m usı maqsette, shaxs kamalatı basqıshların belgilep alıwg`a bag`darlarg`an .

Ta`rbiyalıq jumıslardı da`wir talabına juwap beretug`ın halg`a keltiriw ushın ta`rbiyanın` tiykarı bolg`an ba`rshe ideyalar qaytadan ko`rip shıg`ılıwı, tiykarg`ı itibar bala shasxına qaratılg`anlıg`ı, jıllar dawamında toplang`an jaqsı ta`jiriybeden o`nimli paydalanıw za`ru`rligin taqaza etedi.

Ta`rbiyalıq jumıslar huqıq tarqatıw organları, do`retiwshilik uyımlar, Ma`mleket ha`m ma`mleketlik emes jamg`armalar, komitetler ha`m sho`lkemler menen birgelikte alıp barıladı.

## TA`RBİYaLIQ JUMISLARDIN` TİYKARGI BAGDARLARI, MAQSET HA`M WAZIYPALARI

İnsan shaxsının` kamal tabıwı ushın ju`da` qıyın ha`m u`zliksiz protsess dawamında qa`liplesedi. Onın` ta`rbiyashıg`a ata–anası, mektep, ma`ha`lle , dosları, ja`ma`a`t sho`lkemleri, a`tirap–ortalıq, xalıqlıq xabar quralları, ko`rkem o`ner, a`debiyat, ta`biyat ha`m basqalar tikkeley ta`sir ko`rsetedi.

Joqarıdag`ı ba`rshe turmıslıq ıqtıyajlardı payda etiwde o`z–ara birgeliktegi ta`sir ortalıg`ı arqalı shaxstı ta`rbiyalaw ha`m ta`rbiyanın` birligin ta`miyinlegen halda, onı shaxs sıpatında qa`liplesiwine jaman ta`sir ko`rsetetug`ın ortalıqtan qorg`aw.

Ta`rbiyanın` bas– jas a`wladtı ruwxıylıq–a`dep–ikramlılıq ta`rbiyalawda xalıqtın` bay milily, ruwxıylıq–ag`artıwshılıq ta`rbiyalawda xalıqtın` bay milliy, ruwxıylıq–tariyxıy da`stu`rlerine, u`rip–a`detleri ha`mde ulıwmainsanıylıq qa`diriyatlarg`a tiykarlang`an na`tiyjeli sho`lkemlesken, pedagogikalıq forma ha`m qurallardı islep shıg`ıw a`melge en`giziledi.

Ta`rbiyanın` tiykarg`ı wazıypası – shaxstın` aqılıy, a`dep–ikramlılıq, erkin pikirlewshi ha`m fizikalıq rawajlanıwına, onın` qa`biletlerin ha`r ta`repleme ashıw ushın mu`mkinshilik jaratadı.

Bunın` ushın– jaslardı erkin pikirlewge tayarlaw, turmıs mazmunın tu`sinip alıwg`a ko`meklesiw, o`zin–o`zi basqarıw ha`m qadag`alawdı biliwdi qa`liplestiriw, o`z shaxsiy turmısına maqsetli jantasıw, olarda reje ha`m a`mel birligi sezimin oyatıw ;

–oqıwshılardı milliy, ulıwmainsanıylıq qa`diriyatlar, Watanimizdın` bay ruwxıylıq miyrası menen tanıstırıw, ma`deniy ha`mde du`n`yaviy bilimlerin iyellewge bolg`an talapların qa`liplestiriw, ko`nikpe payda qılıw, o`sip–bayıt barıw ha`m estetikalıq tu`siniklerin qa`liplestiriw ;

–ha`r bir o`smirdin` bilimdanlıg`ın ha`m do`retiwshilik mu`mkinshiliklerin anıqlap, olardı rawajlantırıw. İnsan xızmetin tu`rli tarawlarında en`gizip ko`riw. Balalar do`retiwu`shiligin, ziyrekligin ju`zege shıg`arıw ha`m ja`nede qolap –quwatlaw ushın shart–sharayat jaratıw ;

–insaniylıq a`debi o`lshemlerin qa`liplestiriw (yuir–birin tu`sinetug`ın miyirbanlıq, shapqatlılıq, ırqıy ha`m milliy kemsitiwlerge, taqatsızlıq) qarım–qatnas a`debi menen ta`rbiya quralları (haqsızlıqqa, o`tirikshilik, shaqımshılıqqa taqatsızlıq) ken` qollanılıwı tiyis ;

–watanparwarlıq, du`n`yalıq pikirlew, ja`miyetimizde jasap atırg`an adamlar menen o`z–ara mu`na`sibet so`ylesiwin ornatıw, ma`mleketine, onın` qorg`awı ushın ba`rqulla shay bolıp turıw, O`zbekstan Respublikası ha`m basqa ma`mleketlerdin` belgilerine hu`rmet menen qaraw, jas a`wladtı O`zbekstan Konstitutsiyasına , bayrag`ına, gerbine, gimnine , Prezidentine sadaqatlı qılıp ta`rbiyalaw ;

– nızamlı ja`ma`a`t a`dep–ikramlı ha`m turmus qa`delerine hu`rmet menen qarawdı ta`rbiyalaw, shaxstın` noëb qırların belgilewshi puqaralıq ha`m sotsial juwapkershilik sezimlerin rawajlantırıw, o`zi jasap atırg`an ma`mlekettin` rawajlanıwı, insaniyat rawajlanıwın turaqlı saqlap qalıw ushın pidayılıq, ekologiyalıq ta`lim–ta`rbiya beriw ;

– mustaqil respublikamiz O`zbekstannın` ishki ha`m sırtqı siyasatına tuwrı ha`m xalisana baha beriwge u`yretiw, onın` tınıshlıq, demokratiya ha`m basqa ma`mleketlerdin` ishki islerine aralasmaslıq, ashıq ashkara sırtqı siyasatqa ha`m o`z xalqının` turmısın da`rejesin asırıwg`a bag`darlarg`an, puqaralardı sotsial qorg`aytug`ın ishki siyasattı tuu`rı tu`siniwi kerek ;

–turmısta en` joqarı qa`diriyat esaplang`an miynetke do`retiwshilik menen jandasıw pa`ziyletlerin qa`liplestiriw ;

–salamat turmısısh tarzine umtılıwdı ta`rbiyalaw ha`m rawajlantırıw, mu`nsip shan`araq basqarıwshısı bolıw istegin qa`liplestiriw ;

–jaslarımızdı erkin pikirlewge u`yreniw;

–barkamol apvladqa ta`n a`deplilik o`neri ha`m ma`deniyatın u`yretiw;

–o`zbek xalqının` milliy u`rip–a`det, da`stu`r ha`m qa`diriyatların a`melde qollaw ko`nikpelerin qa`liplestiriw ;

–insaniyat tariyxıy rawajlanıwı protsessinde madeniy, ruwxıylıq, milliy miyrastag`ı awlad–ajdadlarımızdan qalg`an a`dep–ikramlılıq haqqındag`ı bilimlerden xabardar qılıw ;

–Oraylıq Aziya oyshıl ha`m ag`artıwshılarınıq shıg`armalarındag`ı hikmet, u`git ha`m na`siyatlarınan u`yretip, olardag`ı a`mel qılıwdı uqtırıw ;

–ta`biyatqa tuwrı mu`nsibettin` ma`nisin, ta`biyattı qorg`aw insandın` burıshı ekenligin, ekologiyalıq nasharlıqqa alıp keletug`ın sebeplerdi an`law ha`m bahalaw boyınsha bilimler beriw ;

– ata–ana ha`m watan aldındag`ı burıshtı ha`m og`an sadıqlıq ne ekenligin an`latıw ;

– o`z–o`zin an`law, shart–sharayatların, insan qa`diri ha`m xorlıg`ın an`law, onın` ta`biyatın, milliy ha`m ulıwmainsanıylıq ma`deniyatın, ana tilin saqlaw, ruwxıylıq rawajlanıwın bazar ekonomikası menen u`zliksiz rawajlanıwdı tu`sindirip beriw ;

–joqarı insanıylıq pa`ziyletler ma`nisin an`latıw, olarg`a sanalı mu`nsibette bolıw, jaqsını–jamandı ajırata alıw bilimine iye bolıwın tu`sindiriw ;

–ta`lim–ta`rbiya protsessinde beriletug`ın bilimler tutas ha`m sotsial shart–sharayatlar, milliy ha`m tariyxıy, ruwxıylıq faktorlar, ulıwmainsanıylıq qa`diriyatlar ma`nisin tu`sindiriw ;

–oqıwshılardı bilim alıw menen joqarı insanıylıq kamillik ma`nisin tu`sinip a`mel qılıwg`a u`yretiw ;

– sabaqlarda ruwxıylıq, ag`artıwshılın`, ekonomikalıq, huqıqıy, ka`siplik tu`siniklerinin` ma`nisin u`zlu`ksiz an`latıp barıwı za`ru`r ;

–a`dep–ikramlılıqqa ta`n sıpatlardı oqıwshılardın` ku`ndelik ıqtıyajına aylantırıw;

– – oqıwshılarda miynet ko`nikpelerin, do`retiwshilik mustaqil pikirlewdi, ka`sip tan`lawg`a ha`m a`tirap a`lemge sanalı mu`nsibetin payda qılıw ;

– –a`dep–ikramlılıqtın` a`piwayı turmıslıq qag`ıydaları bolıwı u`lkenlerge hu`rmet, kishilerge izzet, shan`araqta bir–birin ezazlaw, miyman ku`tiw ha`m basqalardı ku`ndelik turmısqa sin`dirip barıwı. Balalardı ta`rbiyalawda (oqıwshı) oqıtıwshı to`mendegilerdi esapqa alıwı kerek ;

– –ta`rbiyanın` oqıwshılar psixologiyachı ha`m jas o`zgesheligine maslıg`ın esapqa alıw;

– –oqıwshılardın` aqılıy –ruwxıylıq mu`nsibetlerin ta`sirin u`yreniw;

– –oqıtıwshı–ta`rbiyasının` sawatxanlıq da`rejesi, ko`rkem o`neri ha`m sheberligi ;

– Oqıwshılardı ta`rtiplilikti ta`rbiyalawda sabaqlardı do`retiwshilik, da`stu`riy emes, sa`wbet, oyın, ta`biyatta, bahıs –sa`wbet, ushırasıw formasında bolıwı maqsetke muwapıq.

A`melde ta`rbiyalıq protsess anıq ha`m u`zlu`ksiz isine ha`m tu`rli jastag`ı balalardı qamrap alıwg`a ayrıqsha a`hmiyet beriw tiyis.

O`smir jigit ha`m qızlar tek g`ana bo`lajaq u`lken turmısqa tayarlıq ko`redi, ba`lki usı haqıqıy turmıs menen jasaydı.

Klasstan ha`m mektepten tıs ta`rbiyalıq jumıslar oqıwshılardın` qızıg`ıwı, qa`lewleri, ıqtıyajlarına su`yengen halda olardın` sabaqtan bos waqıtlarında oqıw ta`rbiya protsessin toltıradı. Ol oqıwshılardın` do`retiwshilik qa`biletlerin, isbilermenligin asırıwg`a mu`mkinshilik jaratadı. Klasstan tıs jumıslardın` o`zine ta`nligi sonda, do`gerek, klub da`stu`rlerinin` ren`–ba`ren`ligi, olar mazmunındag`ı jan`alıqlar o`smir jigit–qızlardın` shaxs sıpatında qa`liplesiwileri ushın jan`a mu`mkinshilikler daratadı.

**A`debiyatlar:**

1. Karimov I.A. Ma`naviy yuksalish ywlida. –T.; Wzbekiston, 1998.

2. Karimov I.A. Halollik va fidoyilik faoliyatimizning asosiy mezoni bwlsin. –T.; Wzbekiston, 1994.

3. A.Avloniy. Turkiy gulistonyoxud axloq. –T.; Wzbekiston, 1999.

4. Barkamol avlod Wzbekiston taraqqiyotining poydevori. -T.; «Sharq» nashriyoti, 1997.

## 2-tema. KLASSTAN HA`M MEKTEPTEN TIS TA`RBIYaLIQ ISLERDI ShO`LKEMLESTIRIWDIN` ILIMIY-TEORIYaLIQ TIYKARLARI

1. Klasstan ha`m mektepten tıs ta`rbiyalıq isler oqıwshılar ta`rbiyasındag`ı boslıqlardı toltırıwg`a qaratılg`an sho`lkemlesken pedagogikalıq xızmet sıpatında
2. Klasstan ha`m mektepten tıs ta`rbiyalıq islerdi sho`lkemlestiriwdin` ulıwma talapları ha`m nızamlılıqları
3. Klasstan ha`m mektepten tıs ta`rbiyalıq isler kontseptsiyası

Mekteptin` oqıwshılar menen alıp baratug`ın oqıw shınıg`ıwlarınan tıs ha`r tu`rli ta`lim–ta`rbiya isleri klasstan tıs jumıslar atıp alg`an . Klasstan tıs isler mektep ta`lim–ta`rbiya protsessinin` quramalı bo`legi oqıwshılardın` bos waqıtların jolg`an qoyıw formalarınan biri.

Klasstan ha`m mektepten tıs jumıslardı shaxstı ha`r ta`repleme kamal taptırıw ha`m onı turmısqa aktiv xızmetke tayarlaw ken` mu`mkinshilikke iye. Bul isler balalardın` qızıg`ıwlarına muwapıq ta`rizde kewillik tiykarında sho`lkemlestiriledi. Oqıwshılar klasstan ha`m mektepten tıs islerde o`zlerin qızıqtıratug`ın shınıg`ıwlardı tanlap aladı ha`m olarda muschtaqil isbilermenlikke qatnasadı.

Mektep ha`m mektepten tıs mekemelerdin` quramalı jumısalrın , mazmunı ha`m maqsetin belgilep bu`gshingi ku`nimizdin` ba`rshe qırların esapqa alıwdı talap etmekte. Klass ha`m mektepten tıs usı ta`rbiyalıq isler shaxs kamalatı basqıshların belgilep alıwg`a qaralıtg`anlıg`ı msenen xarakterlenedi. Usı mashqaları jaqsı sheshiw ushın klasstan ha`m mektepten tıs, ta`rbiyalıq isler diziminde to`mendegiler bolıwı tiyis :

– pedagoglar ha`m oqıwshılar ortasında o`z–ara hu`rmet mu`nsibetlerin qa`lipleskenliginin o`zine ta`n da`stu`r qurallarına tayanıw ;

– o`sip baratırg`an insan shaxsin ta`rbiyada joqarı sotsial qa`diriyat alıw, ha` bir balam, o`smir ha`m jas jigittin qaytalanamas ha`m o`zine ta`nligin hu`rmetlew, sotsial huqıqın itibarda tutıw za`ru`r.

Klasstan tıs jumıslardı tolıq qamtıp alg`an do`gerekler bir neshe qıylı bolıwı mu`mkin :

a) pa`n do`gerekleri;
b) sheber qollar do`gerekleri ;
v) ustashılıq do`gerekleri ;
g) sport do`geregi ;
d) ko`rkem ha`weskerlik do`geregi.

Orta ulıwmata`lim mekteplerinde bul jumıslardı klass bashsısı ha`m ta`rbiyalıq isler sho`lkemletsiriwshisi uyımlastıradı. Klass bashsısı do`gerek basshılarına jaqınnan ja`rdem beredi. Qızıg`ıwları, umtılıwları bir qıylı bolg`an o`z oqıwshıların birar do`gerekke ag`za bolıwına shaqıradı.

Klasstan ha`m mektepten tıs sho`lkemletsirilgen jumıslar oqıwshılar turmısındag`ı ta`rbiyalıq xızmetin toltıradı. Olardı du`n`ya qarasın tuwrı qa`liplesiwine, a`dep–ikramlılıq kamal tabıwına ko`meklesedi. Teoriyalıq bilimlerin a`meliyat, islep shıg`arıw menen tıg`ız balynaısqa tiykar jaratadı.

Klasstan ha`m mektepten tıs jumıslarg`a basshılıq qılıwshı sho`lkemlestiriwshilerdin` wazıypaları ha`m ko`p qırlı. Klasstan ha`m mektepten tıs ta`rbiyalıq isler sho`lkemlestiriwshisinin` wazıyplaarına to`mendegiler kiredi:

– sabaqtan tıs ta`rbiyalıq islerdi rejelestiriw ha`m a`melge asırıwdı qadag`alaw ;

– oqıwshılardın` klasstan ha`m mektepten tıs ko`p qırlı jumısların pedagogikalıq ja`ma`a`t, oqıwshılar sho`lkemleri klass aktivleri ja`rdeminde jolg`a qoyıw;

– klasstan ha`m mektepten tıs isler bag`darına tikkeley basshılıq qılg`an halda, oqıtıwshılar, klass bashsıları, ata–analar, oqıwshılar sho`lkemleri, klass aktivlerine metodikalıq ja`rdem ko`rsetiw ;

–ulıwmamektep ha`m mektepler aralıq o`tkerilir atırg`an en` za`ru`r ta`rbiyalıq ilajlarg`a qtanasıw ;

– oqıwshılardın` bos waqıtların sho`lkemlestiriwde ta`rbiya ha`m ma`deniyat mekemeleri ha`mde ja`ma`a`tshilik ku`shinen ken` paydalanıw.

Bul barada sho`lkemlestiriwshiler aktivligin u`sh tiykarg`ı ta`repin ko`riw mu`mkin : sho`lkemlestiriwshilik, metodikalıq ha`m administrativlık.

Bular ko`binshe o`z–ara tıg`ız baylanısqa halda ko`rinedi.

Sho`lkemlestiriwshinin` sho`lkemlestiriwshilik xızmetine to`mendegi bir qatar jumıslardı kiritiwi mu`mkin :

–ta`rbiyalıq jumıslar tarawında erisilgen tabıs ha`m kemshiliklerdi talıqlaw ;

–ta`rbiyaltsq jumıslardın` maqset ha`m wazıypaların anıqlaw ;

–ta`rbiyalıq, xalıqlıq–siyasiy jumıslardı rejelestiriw ha`m olardın` mazmunı, forma ha`m usılların anıqlaw. ;

– klasstan ha`m mektepten tıs ta`rbiyalıq jumıslardı toparlastırıw, basqarıwshı shaxslardı anıqlaw.

Mektepte ta`rbiyalıq jumıslardı anıq rejelestirmesten onın` mazmunı, forma ha`m usılların anıqlamastan, ma`lim bir dizimge salmastan turıp ko`zde tutılg`an maqsetke erisiw qıyın.

Klasstan tıs jumıslardın` ta`rbiyalıq ta`siri ko`p. da`rejede oqıw protsessin sho`lkemlestiriw saviyasına ha`mde oqıwshılar ja`ma`a`tinin` ha`r qıylılıg`ı qanday jolg`a qoyıwg`a baylanıslı. Klasstan tıs xızmet ma`jbu`riy da`stu`r menen shegerelanmaydı, ba`lki jaslardı ha`r qıylı oqıu`shılardı ıqtıyarıy ra`wishte birlestiredi. Olardın` isbilermenligi tiykarında jumıslardı a`melge asıradı, pa`nge qızıqtıradı, olardı xalıqtın` ma`deniy turmısı ortalıg`ına alıp kiredi.

Klasstan tıs islepr shaxstag`ı sotsial aktivlik, sotsial sana ha`m a`dep–ikramlılıq a`detlerin payda etiwdin` en` za`ru`r faktori. Bul xızmet ilimiy ja`ma`a`t, a`debiy ha`m mektep teatrlarının` jumısları, tu`rli temalarda o`tkeriletug`ın kitapxanlar konferentsiyası ha`m sa`wbetler, siyasiy, a`dep–ikramlılıq ha`m miynettemalarındag`ı lektsiya ha`m sa`wbetler , sotsial – paydalı miynet, siyasiy xabar. Bayram kesheleri ha`m ertilekleri, do`gerek shınıg`ıwların o`z ishine aladı.

Oqıwshılardın` klassdan tıs jumısları o`z mazmunına ko`re oylaw xızmeti ha`m qatnasıqlar quralı esaplanadı. Klasstan tıs jumıslarda alıng`an xabar qabıl etilmeydi, qayta islenedi ha`m usı tiykarda jan`a bilimler payda qılınadı.

Oqıwshılar mektepten tıs jumıslardı qatnasıp, tu`rli kisiler menen belgili mu`nsibettege kirisedi, tu`rli wazıyplaarg`a dus keledi. Sonın` ushın ha`m oqıwshılardın` mektepten tıs xızmetleri qanshelli ha`r qıylı bolsa, olardın` mu`nsibetleri sonshelli bay, mu`nsibet ortalıg`ı ken` ha`m ruwxıylıq o`siwi na`tiyjeli ja`ma`a`tte islewdi u`yrenedi, sotsial miynet quwanıshıne sezedi, islep shıg`arıw miynetine qosıladı, ja`ma`a`tshilik pikirine boysınıwg`a, ja`ma`a`t sharafi menen gu`resine a`detlenedi. Mektepten tıs xızmet onnan qatnasshılardın` ruwxıylıq ha`m fizikalıq rawajlanıwına ha`mde jas o`zgesheliklerine ko`re bo`elgilenedi. Bul protsesske olar ta`lim alıp atırg`an mekteptin` shaaryatı ha`m ta`sir etedi. Ma`mleketimizdegi ba`rshe mekteplerdin` wazıypaları bir bolsa – da, usı mekteplerdin` o`zine ta`n o`zgeshelikleri bar ha`m bul o`zgeshelikler ma`deniy ha`m milliy sharayatlarda anıq ko`rinedi. Ta`rbiyashılar , klass basshısılarının` klasstan ha`m mektepten tıs alıp baratug`ın ta`rbiyalıq isderinde to`mendegi jumıs usılların paydalanıwları maqsetke muwapıq.

**1. Awızeki is usılları.** Tu`rli xabarlar, ma`jilisler, azang`ı jıynalıslar, lektsiyalar, kitapxanlar konferentsiyaları, ushırasıwlar, awızeki gazetalar, radionjurnallar .

**2.A`meliy is alıp barıw usılları**. Tu`rli jaylarg`a sayaxatlar, sport jarısları, olimpiada, iztaparlar jumıs xızmeti, jas ta`biyattanıwlar do`gerekleri, shenbelikler.

3. Ko`rgezmeli is usılları. Mektep muzeyleri, urıs ha`m miynet qaharmanları xanası, jan`a kitaplar ko`rgezmeleri.

Ta`rbiyalıq is pedagogtan pu`tin qa`biletlerin iske salıwdı, tınmay izleniwdi taqaza etedi. Keleshek a`wlad ta`rbiyalang`an, uyımlasqan, janajan watanımızdın` haqıqıy puqaraları bolıwıları tiyis.

**A`debiyatlar:**


1. Inomova M. Farzand-nihol, ota-ona-bog`bon. –T.; Wqituvchi, 1993.
2. Kozlova O.N. Vvedenie v teoriyu vospitaniya., 1994.
3. Suxomlinskiy V.A. Kak vospitat` nastoyashego cheloveka. Kiev, 1975.


## 3-TEMA. TA`RBIYALIQ ISLERDIN` FORMALARI HA`M OLARDI SHO`LKEMLESTIRIWGE QARATILG`AN TAYARLIQ ALGORITMI

1. Ta`rbiyalıq isler formalarının` klassifikatsiyası
2. Klasstan ha`m mektepten tıs ta`rbiyalıq islerdi sho`lkemlestiriwge qaratılg`an tayarlıq algoritmi
3. Ta`rbiyalıq islerin sho`lkemlestiriwdin` do`retiwshen`lik formaları

Ja`ma`a`t sho`lkemleri oqıwshılar menen sabaqtan tıs waqıtlarda alıp barılatug`ın ha`r qıylı shınıg`ıwlardı oqıtıwshılar ja`rdeminde sho`lkemlestiredi. Klasstan tıs isler o`z mazmunına ko`re ju`da` ha`r qıylı : sotsial –siyasiy, ilimiy, sotsial paydalı, dene ta`rbiyalaw salamatlastırıw jumısları boladı. Klasstan tıs jumıslar u`sh qıylı formada : massovıy, do`gerek ha`m individual formalarda sho`lkemlestiriledi.

**Massovıy formalar** : Ertelikler, mektep kesheleri, balalar bayramları ko`rikler, quwnaqlar ha`m tapqırlar do`geregi, seyil, klass ha`m mektep mu`zeyleri, balalar islerinin` ko`zgermeleri ha`m basqalar.

**Do`gerek isleri** : mekteptegi ha`r bir do`gerek o`zinin` ba`rqulla is ku`nleri ha`m saatlarına iye bolıwı tiyis. Do`gerekte qatan ta`rtip bolıwı, do`gerek ag`zaları shınıg`ıwlarg`a keshikmesten keliwleri, do`gerek tapsırmaların ta`rtip menen ornılawları, do`gerektin` materiallıq baylıqların ıqtıyat qılıwları kerek.

**Klasstan tıs individual is** : ha`r bir oqıwshı meyil ha`m qa`biletlerin rawajlanıwınva ja`rdem benredi. Bul iste klasstan tıs oqıw u`lken a`hsmiyetke iye. Mektepte ha`r bir klass ushın klasstan tıs oqıw da`stu`ri bar. Oqıwshının` ne qılıp atırg`anı ha`m oqıg`an na`rselerin qanday qabıl etip atırg`anın oqıtıwshı biliwi ju`da` za`rwr. Sonın` ushın oqıtıwshının` klasstan tıs oqıwg`a basshılıg`ı en` jaqsı kitaplardı tarqatıw ha`m oqıwshılarda oqılg`agn sabaqlıqları tuwrı, teren` qabıl etiwdi rawajlantırıwdan ibarat.

İndividual tapsırmalardın` tu`rleri ju`da` ko`p bolıp, o`u`simlikler o`stiriw, gu`ller, ovoshlar jetistiriw ha`m sonday tapsırmalar qatarına kiredi. İndividual tapsırmalarda ha`r bir oqıwshının` mu`mkinshilik ha`m qızıg`ıwları esapqa alınsa, olar balalardıqa`biletleri, talantdların o`stiriwge ja`rdem beredi. oqıtıwshı ta`lim protsessinde balalardın` ma`deniy ıqtıfjları ha`m kamolat da`rejelerin anıqlaw menen shug`ıllanadı. Olarg`a muwapıq ta`rizde ayırım oqıtıwshılar, topar yaki pu`tin klass menen alıp barılatug`ın klasstan tıs islerdi rejelestiriw.

Mektepten tıs isler

Mektepten tıs isler balalardın` jas ha`m qızıg`ıwların esapqa alg`an halda, olardı ıqtıyariy ra`wishte, aktiv ha`m mustaqil qatnasıwları sharayatında sho`lkemlestiriledi.

Rayon, qala , o`lke ha`m respublika mektep oqıwshılar sarayları ha`m u`yleri ansha ken` tarqalg`an mektepten tıs mekemeler. Olar xalıq ta`limi organları basshılıg`ı astında isleydi.

Mektepten tıs mekememe balalar kitapxanasınıq isi dıqqatg`a sazawar. Balalar kitapxanaları mekteplerdin` I–VIII klass oqıwshılarına, sonın` menen birge, mektepke shekemgri ta`rbiya jasındag`ı kitap oqıy alatug`ın balaldarg`a xızmet ko`rsetedi. Kitapxananıqn` pu`tin isi balalarg`a jaqsı ta`rbiya beriwge, pa`n tiykarların u`yreniwde oqıwshılarg`a ja`rdemlesiwige, balalarda oqtsıw ma`deniyatın ta`rbiyalawg`a, mustaqil ra`wishte bilim alıw ko`n`nikpelerin payda qlıw ha`m bekkemlewge qaratılg`an .

Ko`pshilik mektepten tıs mekemelerdin` isleri mısalında, mektepten tıs mekemeler oqıwshılar menen alıp barılatug`ın ta`lim–ta`rbiya isinde mektep ha`m shan`araqqa jıddıy ja`rdem bermekte degen juwmaqqa keliw mu`mkin. oqıtıwshı belgili xalıq jasaytug`ın jayda mektepte qanday mekemeler barlıg`ın bilip, olar menen birgelikte jumısta jolg`a qoyadı, oqıwshılardın` qızıg`ıwların esapqa alg`an halda, olardı do`gereklerge jollaydı. Mektep balaları menen alıp barılatug`ın ta`rbiyalıq isti rejelestiriwde mektepten tıs mekemelerden alıwı mu`mkin bolg`an ja`rdemdi ha`m na`zerde tutadı. Mektepten ta`rbiyalıq is rejesin balalar mekemelerinin` rejesine maslastırıw za`ru`r. Mektep ta`rbiyalıq is rejesin oqıwshılar menen klasstan ha`m mektepten tıs alıp barılatug`ın jumıslardın` forma ha`m metodlaorıwu`n, olardı aqılına jolg`a qoyıwdı ha`m o`z ishine aladı.

Klasstan ha`m mektepten tıs isler sho`lkemlestiriwshisi, mektep ta`rbiyalıq isinin` uklıwma rejesin du`zedi ha`mde oqıwshılarg`a ha`r ta`repleme ta`rbiya beriwde mektep oqıtıwshıları, mektepten tıs mekemeler ha`m mektepti atalıqqa alg`an sho`lkemlerinin` jumısların bir–birine muwapıqlastıradı.

## OQIWShILARGA TA`RBİYa BERİWDİN` TİYKARGI TU`RLERİ HA`M FORMALARI

Klass basshısı ta`repinen o`tkeriletug`ın ba`rshe ta`rbiyalıq ilajlar usı bo`limge kiritilip, klass ta`rbiyalıq saatları dep ju`ritiledi (jıl dawamında 30–34 saat dars sabaq kestesine kiritiledi ), ol a`piwayılastırılg`an ba`rshe klasslar ushın qulay to`mendegi u`lgige tu`siriliwi mu`mkin. En` aldıng`ı a`debiyatlarda berilgen rejelestiriw sızılmasına «Orınlanıw tu`ri» qosımsha sıpatında kiritiledi. Maqset, rejelestirilgen tema mısalı, «Ata–anam –su`yengen tawım» ju`zesinen sa`wbet, keshe, konferentsiya ushırasıw, ekskursiya ha`m basqalardı o`tkeriw mu`mkin. A`lbette, bul ilajlardın` bir oqıw jılında o`tkerip, klass basshısının` ta`rbiyalıq jumıs rejesinde bul tema ha`r jılı qaytalanıp, orınlanıw tu`ri o`zgertirip barıladı.

Klass basshısı miynetinin` o`nimli bolıwında bul usıl a`nshe na`tiyje beredi.

| | Ta`rbiyalıq ilajlar atı | Orınlaw tu`ri | Waqtı | Juwapker kisi | Orınlanıwı haqqında |
|---|---|---|---|---|---|
| | Ata–anam su`yengen tawım | Ushırasıw | Mart ayının` 1–ha`ptesi | Klass ata–analar komiteti baslıg`ı | İlajg`a … ata–ana, … oqıwshı qatnasadı |

Klass ta`rbiyalıq saatlarının` temaları to`mendegi bo`limlerin o`z ishine aladı ha`m joqarıdag`ı u`lgige ta`rtip menen ja`mlenedi.

### A`debiyatlar:

1. Bazarbaev J. Tiykarg`ı nızam ha`m huqıqıy ma`deniyat. «Ilim ha`m ja`miyet» jurnalı, 2007, № 3-4, 21-bet.

2. Xasanboeva O., Xasanboev J. Pedagogikaning umumiy asoslari. -T.; TDPU nashriyoti, 2001.

3. Shurkova N.I i drugie. Novıe texnologii vospitatel`nogo protsessa. -M.; 1994.

## 4-TEMA. KLASSTAN HA`M MEKTEPTEN TIS TA`RBIYALIQ ISLERDI REJELESTIRIW

### REJE

1. Ta`rbiyalıq islerdin` konstruktsiyası
2. Ta`rbiyalıq islerdin` maqsetin belgilew

Ta`rbiyalıq islerdin` rejesi haqqında ulıwma tu`sinik. Ta`rbiya protsessinin` ma`nisi, teren` bilip, onı sho`lkemletsiriwdi , isbilermenlik ha`m epshillik, ba`rshe jan`a ha`m aldıng`ı

na`rselerdi a`melde na`tiyjeli qollay bilim mektep oqıwshısı shaxsin rawajlantırıw protsessine basshılıq qılıw printsiplerine biri.

Na`tiyjeli basshılıq metodikasın mektep turmısı ha`m xızmetin engiziw u`lgisi bolg`an kollegial ha`m jeke basshılıqtın` birge qosıp alıp barılıwı balalar ta`g`diri, olardın` ta`rbiyasına pedagoglar ja`ma`a`ti juwapkershiligi ha`m direktordın` shaxsiy juwapkershiligin ta`miyinleydi.

Basshılıqtın` za`ru`r printsiepi rejeli bolıp, onın` ja`rdeminde pedagogikalıq ta`sirler dizimi ha`m ta`rbiyalıq iste ketpe–ketlikte erisiledi. Rejalilik direktorg`a ta`rbiyanın` ba`rshe ma`selelerin anıq a`melge asırıw kelesheklerin ko`rsetedi.

Usı ta`liymatına tiykarınan metkepten tıs islerdi rejelestiriw ha`m onın` a`melge asırılıwına basshılıq ha`mde qadag`alawdı uyımlastırıp barıw mektep iske basqarıwshı diziminde za`ru`r a`hmiyet ka`sip etedi.

Klasstan ha`m mektepten tıs islerdin` ulıwmamektep rejesin ruwzxıylıq ha`m ag`artıwshılıq boyınsha direktor orınbasarı basshılıg`ında, klass basshıları, metodikalıq birlespesi, ta`jiriybeli oqıtıwshılar, mektep kitapxanası, oqıwshı–jaslar sho`lkemi, oqıwshılar uyımı, ata–analar komiteti ha`mde do`gerek basshılarının` aktiv qatnasıwında du`ziw ha`mde onı mektepten jıynalısında dodalawdan o`tkerip tastıyıqlaw maqsetke muwapıq.

Respublikamizdag`ı qatar mektepler aldıng`ı diretkorlardın` is ta`jiriybelerinde oqıtıwshılar ha`m klass basshılarının` ta`rbiyalıq isine pedagogikalıq basshılıqtın` jaqsılanıwın ta`miyinleytug`ın kompleks dizim payda bolmaqta.

Direktor oqıtıwshılar, klass basshıları, ta`rbiyashılar ha`m oqıwshılarg`a qarag`anda tutqan printsipial jolı ha`m xızmetinde birlik bolıwına erisedi, mekteptin` shan`araq, u`lkenlerdin` miynet ja`ma`a`tleri, ja`ma`a`t sho`lkemleri menen tıg`ız birgelikte islewge umtıladı.

Mekteptin` ta`rbiyalıq protsessine basshılıq qılıwda direktor baslawısh ha`m oqıw klasslar ta`rbiyalıq isinde ketpe–ketlikke a`mel qılıwg`a ayrıqsha itibar beredi, bul menen ta`lim protsessinde ha`m, sonın` menen birge, sabaqtan tıs waqıtta ha`m ta`rbiyanın` u`zlu`ksizlik ha`m printsipin a`melge asıradı.

## Rejelestiriwge qoyılatug`ın talaplar

Klass basshının` ta`rbiyalıq jumıs rejesi bul ma`jbu`riy pedagogikalıq hu`jjet. İs reje shereklik, yarım ha`m bir jıllıq du`zilisi mu`mkin. ha`zirgi sharayatta ta`jiriybelerdin` ko`rsetiwine qarag`anda yarım jıllıq rejesinen paydalanıw a`nshe na`tiyje bermekte.

Rejelstiriwde to`mendegiler na`zerde tutılsa, oınq na`tiyjesi asadı. :

1. Reje jergilikli sharayatına qarap, mekteptin` jaylasqan ornı, oqıwshılardın` saviyası, jasına qarap mu`mkin qadar mas du`zilisi kerek.

2. Reje belgili maqsetke qaratılıwı ha`m real (anıq) bolıwı za`ru`r.

3. Balalar ha`m o`smirler uyımı menen kelisiliwi tiyis.

4. Rejede oqıwshılardın` gu`zgi, qısqı, ba`ha`rgi ha`m jazg`ı kanikullarda qılatug`ın isleri sa`wleleniwi.

5.O`tkeriletug`ın ilajlardın` orınlawshı shaxsları, mu`ddeti ha`m orınlanıwı tu`ri anıq, ko`rsetiliwi tiyis.

6.Reje mektep direktorı orınbasaralı ta`repinen ko`rip, direktor ta`repinen tasdıqlanıwı sha`rt.

Ta`rbiyalıq jumıs protsessin endi baslag`an, kem ta`jiribege iye klass basshısı, a`dette ken` qamtılg`an jumıs rejesin du`zse, pedagog shegaralang`an reje menen is, isleriwi menen. Biraq ha`r eki halda ha`m ba`rshe klass basshılarının` ta`rbiyalıq rejesinde ta`rbiyalıq is xızmetinin` tiykarg`ı mazmunı ha`mde bag`daraları tolıq sa`wleleniwi tiyis.

Ulıwma orta ta`lim mektebinin` 8–klass ushın oqıw jılının` yarım jılına mo`lsherlengen u`lgili jumıs rejesin keltiremiz.

## I BO`LİM. KLASSQA QISQAShA XARAKTERİSTİKA

Klasstan oqıwshı bolıp, … tasi qızlar ha`m … tasi u`l balalar.

Solardan... tasi «Balalar ha`m o`smirler» uyımı ag`zası.

«Oqıwshılardın` bilim da`rejelerin qadag`alawdın` reyting ko`re aktiv ha`m o`zlestirmewshi oqıwshılar sanı».

Klass oqıwshıları sabaqlarda sanalı ta`rtiptke erisken ha`m klasstan tıs jumıslardın` ko`pshilik ma`selelerin mustaqil sheshedi. Oqıwshılar aktiv, miynetsu`yiwshilik ha`m dostana ja`ma`a`t.

Klass basshısı oqıwshılar haqqındag`ı to`mendegi mag`lıwmatlardı usı bo`limge keltirishleri mu`mkin :

1. Bala qay jerde jasaydı ?
2. Onın` ata–anası qay jerde ha`m kim bolıp isleydi ?
3. Shan`araq quramı, shan`araqtın` ma`deniy da`rejesi.
4.Shan`araqtag`ı o`zwara mu`na`sibet
5. Shan`araqtag`ı balag`a ja`rdem beriwdin` o`zine ta`nligi.
6. Balanın` u`ydegi ku`n ta`rtibi ha`m xojalıq awhalı.
7. Balanın` u`y ha`m ja`ma`a`t islerine qatnasıwı.
8.Pa`n do`gereklerine qatnasıwı (mektep ha`m mektepten tıs).
9. Balanın` mektepten tıs dosları ha`m tanısları.
10. Oqıwshı jazda qay jerde ?
11. Bala turmısındag`ı en` za`ru`r waqıya–qubılıslar.
12. Gazeta ha`m jurnallarg`a jazılıwı
13.Oqıwshı salamatlıg`ının` awhalı xızmetkerlerinin` mag`lıwmatına ko`re.

## II BO`LİM. TA`RBİYaLIQ WAZIYPALAR

1. Oqıwshılardı miynette ha`m o`zbek xalqının` mustaqil ma`mleket qurıwdag`ı qurıwshılıq islerinde qatnasıwın ta`miyinlew.
2. Jaslardı internatsional ha`m basqa xalıqlardın` qarındashlarsha doslıg`ı ruwxında ta`rbiyalaw.
3. Oqıwshılardın` o`zlestirlemeslik sebeplerin anıqlaw ha`m saplastırıw ilajların belgilew.
4. Oqıwshılardı ulıwma orta ta`limden keyingi basqıshg`a tayarlaw.
5.Joqarı ruwxıylıq, iyman ha`m iseniminli bolıw, g`a`rezsizlik ideyaların sin`diriw.
6.Klasstag`ı ha`mme oqıwshılardın` bilim da`rejesin asırıwg`a erisiw.
7.Oqıwshılardın` sanalı ta`rtipi ushın oqıwg`a ha`m miynetke tuwrı mu`nsibetin ushın gu`res alıp barıw.
8.Oqıwshılar xızmetin sho`lkemlestiriwde olardın` o`zbetinsheligi ha`m isbilermenlegin asırıp barıw.
9. «Balalar ha`m o`smirler uyımı» na kiriw ushın tayarlaw.

**Eskertiw :** Ta`rbiyalıq wazıypalar oqıwshılardın` jas o`zgesheligine qarap o`zgertiriledi.

### A`debiyatlar:

1. Konarjevskiy Yu. Sistemnıy podxod k analizu vospitatel`nogo meropriyatiya. Chelyabinsk, 1980.
2. Metodicheskie rekomendatsii po analizu sostoyaniya vneurochnoy vospitatel`noy rabotı. -Ivanovo, 1989.
3. Mavlanova R., Normurodova B., Rahmanqulova R. Tarbiyaviy ishlar metodikasi. –T; «Fan», 2007.

## 5-TEMA. SHO`LKEMLESTIRIWSHI HA`M ONIN` XIZMETIN ALIP BARIW METODIKASI

### REJE

1. Sho`lkemlestiriwshiler haqqında tu`sinik

2. Ruwxıy-ag`artıwshılıq ta`rbiya isleri boyınsha direktor orınbasarının` ta`rbiyalıq xızmeti

3. Direktor orınbasarının` xızmetin sho`lkemlestiriw metodikası

4. Direktor orınbasarlarına qoyılatug`ın tiykarg`ı talaplar

Direktor orınbasarı oqıwshılarg`a mehir ha`m muxabbat, pedagogikalıq ja`ma`a`tine ha`m ata–analarg`a qarag`anda talapshan bolg`an halda is tutıwdı ha`m belgili o`z u`stinde islew, sabır–barshalı, o`z pikirlerin puxta bayan qılıp, o`zgeshelerdi o`zine tartıw o`zgeshelikleri o`zinde boladı.

Ma`mleket ha`m hu`kimetimiz ta`repinen qabıl qılıng`an ba`rshe hu`jjetler ma`nisin, Prezident shıg`armaların jaqsı biliwi. Onı oqıwshı –jaslar arasında tarqata alıwı, xalıq pedagogika da`stu`rlerin, o`zbek xalqı milliy u`rip –a`detleri, qa`diriyatları, alımları u`gitlerin jaqsı biliwleri tiyis.

–Ma`mleketimizdin` ishki ha`m sırtqı siyasatın jaqsı biliwi ha`m onı o`z xızmetinde esapqa alıwı, ta`rbiyalıq islerdi sho`lkemlestiriwdin` ilimiy tiykarları ha`mde jan`asha usıl ha`m metodların jaqsı biliwi ;

–radio, televidenie ha`m massalıq xabar basqa quralları arqalı berilgen en` son`g`ı jan`alıqlardan xabarsız bolıwı ha`mde olardı ma`nisin oqıwshılarg`a jetkere alıwı;

–klasstan tıs ila`jlardı tayarlaw ha`m o`tkere biliwi;

–rayon, qala, oblast`, respublika ortasında o`tkeriletug`ın ilajlarda qatnasıwı;

– mektepte oqıwshılar menen ta`rbiyalıq islerdi alıp barıp atırg`an metodikalıq usınıslar berip barıwı;

–sistemalı ra`wishte o`z ko`nikpesin asırıp turıwı, o`z tarawı boyınsha o`tkeriletug`ın seminarlarda qatnasıw.

## DİREKTOR ORINBASARıNIN` HUQIQLARI

Nızomda belgilengen wazıypalar menen balynaıslı pedagogikalıq xızmetkerlerge ko`rsetpe beredi.

Xızmet wazıypası na kelip shıqqan halda klasstan ha`m mektepten tıs sho`lkemletsiriw ha`m jan`a do`gereklerdi ashıw ma`selelerin sheshiw.

– Klass basshısının` ta`lim–ta`rbiyalıq isleri boyınsha erisken tabısların esapqa alıw, onı sıylıqlaw ushın direktorg`a usınıs qılıw ;

– klass basshısılarının` o`z wazıypasına juwapkershiliksizligi ha`m suiiste`mol qılg`anlıg`ı ushın direktor menen kelisilgen halda eskertiw beriw;

–balanı jaqsı ta`rbiyalag`an ata–analardı, mektepke ja`rdem bergen ma`ha`lle aktivlerin sıylıqlaw ushın direktorg`a usınıs beriw huqıqına iye.

Direktor orınbasarı menen to`mendegi isler kelisiliwi kerek:

– klass bashsısıları is rejesin direktor menen birgelikte tastıyıqlaw;

–mektepte o`tkeriletug`ın sport jarısları rejesin direktor menen birgelikte tastıyıqlaw;

–tu`rli qıylı do`gerek isleri rejesin direktlor menen birgelikte tastıyıqlaw.

Mektep ha`m mektepten tıs mekemleerdin` sho`lkemlesken formaları, mazmunı ha`m maqsetin bu`gingi ku`nimizdin` ba`rshe qararların esap alıwdı talap etmekte. Klasstan ha`m mektepten tıs usı ta`rbiyalıq isler shaxs kamoloti basqıshların belgilep alıwg`a qaratılg`anlıg`ı menen xarakterlenedi. Usı mashqalanı jaqsı sheshiw ushın klasstan ha`m mektepten tıs ta`rbiyalıq isler diziminde to`mendegiler bolıwı tiyis :

– o`sip baratırg`an insan shaxsın ta`rbiyada joqarı sotsil qa`diriyat dep ta`n alıw, ha`r bir balanın` takrarlanmas ha`m o`zine ta`nligin hu`rmetlew, sotsial huqıqın itibarda tutıw tiyis ;

–milliylikti o`zine ta`n da`stu`r quralларına tayanıw ;

–pedagoglar ha`m oqıtıwshılar ortasında o`z–ara hu`rmet mu`nsibetlerin qa`liplestiriw;

–mekteptin ja`ma`a`t sho`lkemi, atalıq qılıwshı karaxanalar menen balynaısın bekkemlew;

–balalar qadag`alawsızlıg`ı ha`m nızam buzılıwının aldın alıw;

– jasaw jayı boyınsha balalardın` bos waqtın sho`lkemlestiriw;

– oqıwshılardın` shan`araqlarına barıw ha`m balalardı ta`rbiyalawda olarg`a ja`rdem beriw ;

–jas a`wladtın` Watang`a, ja`miyetke ha`m miynetke, o`zine ha`m adamlarg`a mu`nsibetin an`lap alıwg`a qaratılg`an a`dep–ikramlılıq sezimlerin ta`rbiyalaw.

Klasstan ha`m mektepten tıs sho`lkemlestirilgen isler oqıwshılar turmısındag`ı ta`rbiyalıq xızmetin toltıradı. Olardın` du`n`ya qarasın tuwrı qa`liplesiwine a`dep–ikramlılıq kamal tabıwına ko`meklesedi. Teoriyalıq bilimlerin a`meliyat islep shıg`arıw menen tıg`ız baylanısıwına tiykar do`retedi. Klasstan ha`m mektepten tıs islerge basshılıq qılıwshı sho`lkemlestiriwdin` wazıypaları ha`m ko`p qırlı.

Ta`rbiyalıq isler balalardın` ku`ndelike turmısınan alıng`an anıq da`lillel ha`m waqıyalardı, ko`rkep a`debiyat, waqıtlı so`ylesiwi, kinofil`mlerden alıng`an mısallardı talıqlaw ha`mde dodalaw tiykarında o`tkeriledi. Bul islerdin` o`zgesheligi sonday, bul balalardın` o`zin a`dep–ikramlılıq qattı –ha`reketoleri haqqında oy ju`ritiwge ha`m olarg`a tuwrı baha beriwge u`yretedi.

Klasstan ha` mmektepten tıs ta`rbiyalıq isler oqıwshılardın` sabaqtan bos waqtsıtlarındag`ı oqıw ta`rbiya protsessin toltıradı ha`m ken`eytiredi, oqıwshılardı o`zbetinshe bilim alıwları, jaqsı qa`biletlerin, isbilermenligi asırıwg`a mu`mkinshilik do`retedi.

Usı sebepli keyingi da`wirde oqıwshılardın` sabaqtan tıs waqıtların kewilli uyımlastırıwg`a ayrıqsha a`hmiyet bermekte.

Klasstan ha`m mektepten tıs sho`lkemlestirilgen ta`rbiyalıq isler oqıwshılar turmısındag`ı ta`rbiyalıq xızmetipn toltıradı. Olardı sanalı, du`n`ya qarastı qa`liplestiredi. Klasstan ha`m mektepten tıs ta`rbiyalıq isler sho`lkemelstiriwshisinin wazıypalarına to`mendegiler kiredi. :

– sabaqtan tıs ta`rbiyalıq islerdi rejelestiriw 9ha`m a`melge asırıwdı qadag`alaw ;

–oqıwshılardın` klasstan ha`m mektepten tıs ko`p qırlı islerin pedagogikalıq ja`ma`a`t, oqıwshılar sho`lkemleri, klass aktivleri ja`rdeminde jolg`a qoyıw;

–klasstan ha`m mektepten tıs isler bag`darına tikkeley basshılıq qılg`an halda oqıwshılar sho`lkemleri klass aktivlerine metodikalıq ja`rdem ko`rsetiw ;

–ulıwmamektep ha`m mektepler aralıq o`tkeriletug`ın en` za`ru`r ta`rbiyaltsq ilajlarda qatnasıw ;

–oqıwshılardın` bos waqıtların sho`lkemlestiriwde ta`rbiya ha`m ma`deniyat mekemeleri ha`mde ja`ma`a`tshilik ku`shinen ken` paydalanıw.

Klass ja`ma`a`ti menen alıp barılatug`ın ta`rbiyalıq islerdin` ko`lemi, tiykarg`ı bag`darları, mazmunı ha`r bir jas basqıshında oqıwshılardın` psixikalıq rawajlanıwına ma`s keliwi tiyis.

Ta`rbiyalıq is pedagogtan pu`tin qa`biletin iske salıwdı, tınmay izleniwdi taqaza etedi. Keleshek a`wlad ta`rbiyalang`an, uyımlasqan, aqıl, janajan Watanımızdın` haqıqıy puqaraları bolıwı kerek.

Mektepte baslawısh klasslardı ta`rbiyalıq islerdi alıw barıw onı jolg`a qoyıw klass basshısı yaki ta`rbiyalıq isler sho`lkemlestiriwshileri ta`repinen uyımlastırıladı, ta`rbiyalıq istin tiykarg`ı bag`darları oqıwshılardı ilimiy du`n`ya qaras tiykarların qa`liplestiriw, olardı milliy g`a`rezsizlik ruwxında ta`rbiyalaw, oqıwshılardın` sotsial paydalı miynetin sho`lkemlestiriw, oqıwshılarda moral` ma`deniyatın, olardın` o`z huqıq ha`m burıshlerin qarag`anda sanalı mu`nsibetin ta`rbiyalaw, oqıwshılarda o`z–o`zin basqarıw ko`nikpelerin qa`liplestiriw.

Baslawısh klass oqıwshısı ha`m klass basshısı xızme`tinin` tiykarg`ı wazıypalarınan biri oqıwshılardın` aqıl ta`rbiyalıq ja`ma`a`ting sho`lkemlestiriw.

Baslawısh ja`ma`a`t isi sonday qurıladı, onnan klass basqa ja`ma`tleri menen baylanısı ba`rqulla a`melge asırıladı, ulıwmamektep da`stu`rleri saqlanadı. baslawısh ja`ma`a`t

oqıtıwshı –ta`rbiyashı ha`m klass basshısı, oqıwshılar o`z–o`zin basqarıw organları basshılıg`ında ulıwmamektep sotsial paydalı isleri xızmetinde qatnasadı.

Oqıtıwshı ha`m klass basshısı salamat, aqıl balalar ja`ma`a`tin qa`liplestiriw menen birge ba`rqullar balalar qızıg`ıwların qollay –quwatlaydı, olardın` sotsial paydalı xızmetin bag`darlap baradı.

Kishi jaslı oqıwshılar ju`da` aktiv aktiv ha`m ha`reketshen boladı. Aktivlikke umtılıw bul jastag`ı balalarının` organikalıq ıqtıyajı. Biraq, bunda balalar ha`li jeterlik turmıslıq ta`jiriybege iye bolmaydı ha`m ku`ndelik pedagogikalıq basshılıqqa ıqtıyaj sezedi. Baslawısh klass oqıtıwshısı balanın` ilim mektebindegi qa`deminen ta`rbiyalıq istın` ja`ma`a`tshilik mu`nsibetlerine do`retiwge zor imkaniyat beretug`ın, balalarda bir–birlerine g`amxor mu`na`sibette bolıwın ta`rbityalaytug`ın, individual qa`biletlerin rawajlantırıw ushın qolay imkaniyatlar do`retetug`ın usılların tanlaydı.

Oqıtıwshı klass klasslarda balalarg`a o`zlerin qızıqtırıwshı xızmet tu`rin tanlawg`a ja`rdem beredi. Biraq ko`binshe kishi jastag`ı oqıwshılar jas o`zgesheliklerine ko`re, o`z o`zgesheliklerin tuwrı bahalay almaydı.

Balalardın` o`siwi olarda ja`ma`a`tshilik eplilik ha`m ko`nikpelirnin` qa`liplesip barıwı oqıtıwshı–ta`rbiyashının` balalar ja`ma`a`ttine basshılıq qılıwdag`ı protsessin o`zgertirip beredi.

Oqıtıwshı baslawısh klasslardan –aq aqıl balalar ja`ma`a`tin do`retiw tiykarında salamat ja`ma`a`tshilik pikirin do`retedi.

Baslawısh klass oqıwshılarının` balalar ta`rbiyalıq ja`ma`a`tin do`retiw tarawındag`ı isin joqarı klasslardın` klass basshıları dawam ettiredi.

Baslawısh klass oqıtıwshısı oqıwshılardı ta`li ha`m ta`rbiyanın` ko`rkem sharayatında, olardın` ja`ma`a`t xızmeti protsessinde u`yrenedi.

Klasstan tıs is oqıwshılarg`a birar maqsetke qaratılg`an pedagogikalıq ta`sir waqtın uzaytıradı, ol oqıtıwshının` sabaqlarda iyellegen bilimlerini ken`eytiriw ha`m teren`lestiriw, balalardın` qa`biletin rawajlantırıw, olardın` ha`r qıylı qızıqıshlarıwın qandırıw, ma`deniy dem alıwların uyımlastırıw mu`mkinshiligin beredi. Klasstan tıs is balalardı ja`miyet turmısına tartıwdın` u`lken mu`mkinshiliklerine iye.

Bul barada sho`lkemler aktivligin u`sh tiykarg`ı ta`repin ko`riw mu`mkin: sho`lkemlestiriwshilik, metodikalıq ha`m administrativlıq.

**A`debiyatlar:**


1. Azarov Yu.P., Baytenova L.M., Belozertsev E.P. Tarbiyaviy ishlar metodikasi. –T.; Wqituvchi, 1991.

3. Ivanova N. Mejdu ideal`nım i real`nım. Na kakie tsennosti orientiruetsya uchitel`. // Direktor shkolı. 1998, № 1, str. 17-26.

4. J.Xasanboev, M.Twropova, O.Xasanboeva. Ma`naviy-axloqiy tarbiya


## 6-TEMA. SHAN`ARAQTA HA`M KEN` JA`MIYETSHILIKTE BALA SHAXSININ` QA`LIPLESIWI

### REJE

1. Shan`araqlardag`ı bala ta`rbiyası ma`selesi

2. Shan`araqta bala ta`rbiyasında milliy u`rp-a`det ha`m da`stu`rlerden paydalanıw. Balalardı miynetke u`yretiw ha`m olarg`a ekonomikalıq ta`rbiya beriw.

3. Ata-analarg`a pedagogikalıq bilim beriw

Ma`mleketimizde shan`araq, shan`araqta bala ta`rbiyası ma`mleketlik siyasat da`rejesindegi ma`sele sıpatında:

- 1998 jıl «Shan`araq jılı» dep ja`riyalandı;
- 1998 jılı «Shan`araq kodeksi» qabıl etildi;
- Ma`mleketimizdin` tariyxında birinshi ma`rte Respublikalıq «Shan`araq» ilimiy-a`meliy Oray sho`lkemlestirildi;

2001-jıl «Ana ha`m bala» Ma`mleketlik bag`darlaması haqqında qararı qabıl etildi.

«Shan`araq» ilimiy-a`meliy Orayının` tiykarg`ı maqseti ha`m wazıypalarınan biri bul shan`araq kontseptsiyasın jaratıw ha`m onı a`meliyatqa en jaydırıwdın` metod ha`m qurallarын islep shıg`ıw, bul arqalı hu`kimetimizdin` sotsial-gumanitar siyasatın jolg`a qoyıwdan ibarat boldı. Solay etip, shan`araq, ana ha`m balanı sotsiallıq qorg`aw ha`m bas ma`sele bolıp, shan`araqtag`ı ortalıqtı a`dep-ikramlılıq ha`m ma`deniyat nızamlıqları tiykarında qurıw talap etilmekte.

**Da`stu`r** so`zi latın tilinen alıng`an bolıp, «trado» -uzatıw, uzataman ma`nislerin bildiredi. Da`tu`rler bir a`wladtan ekinshi a`wladqa o`tken, aldın`g`ı a`wladtan miyras bolıp qalg`an predmet, ha`diyse, qaraslar, isenimler, normalar ha`m protsesslerdin` jıynag`ı bolıp tabıladı.

Da`stu`rler huqıq, siyasat, ekonomika, etnografiya, din, a`debiyat, ma`deniyat sıyaqlı sotsiallıq turmıstın` tu`rli tarmaqları ushın ta`n bolıp ideyalar, ushırasıwlar, u`rp-a`detler, bayramlar, qosıqlar da da`stu`r formasına kiriwi mu`mkin. Sonday-aq, belgili bir xalıqqa, ma`mleketke, u`lkege, milletke, shan`araqqa ta`n bolg`an, ulıwma –insanıylıq da`stu`rler de bolıwı mu`mkin.

**U`rp-a`detler** bolsa o`zinin` insanlardın` islep shıg`arıwdan tıs xızmetlerin o`z ishine alıwı menen da`stu`rlerden parıqlanadı. Sonlıqtan-da u`rp-a`detler turaqlı sotsiallıq qatnaslardın` jıyındısı bolıp, ko`pshilik jag`daylarda ken` ja`miyetshiliktin` pikirine su`yenedi. Da`stu`r o`z ishine u`rp-a`detlerdi, mereke ha`m a`deplilik normaların qamtıp aladı.

U`rp-a`det ha`m da`stu`rlerdin` jaratıwshısı xalıq bolıp tabıladı. Xalıq bolsa shan`araqlardan quralg`an.

Shan`araqlarda to`mendegi sharayatlar jaratılsa ta`rbiyanın` na`tiyjeliligin asırıw mu`mkin:

1. Mektep o`zinin` ta`lim-ta`rbiyag`a tiyisli ta`sirlerin shan`araq ta`rbiyası protsessine izshil bag`darlay alsa.

2. Oqıtıwshılar menen shan`araqtın` birge islesiwi bekkemlenip, bunda eki ta`rep etiko-pedagogikalıq ta`rbiyalıq talaplardı durıs sho`lkemlestire alsa.

3. Xalıq bilimlendiriw bo`limleri ha`m oqıw orınları ata-analardı ta`rbiya protsesslerine tarta alsa.

4. Oqıtıwshılar ta`repinen shan`araq ta`rbiyasına basshılıq etilse.

5. O`z gezeginde ata-analar bolsa ta`rbiyasındag`ı o`z minneti, wazıypaları ha`m juwapkershiligin tolıq sezse.

Ata-analardın` ta`rbiyası haqqında sawatlılıq da`rejelerin asırıw ushın:

-xalıq bilimlendiriw organları;

-oqıw organları;

-ma`deniyat tarawı;

-sawlıqtı saqlaw organları;

-huqıq qorg`aw organları;

-pedagogika ja`ma`a`ti ag`zaları;

-islep shıg`arıw mekemeleri;

-isshi ha`m xızmetkerler;

-ata-analar birgelikte bir maqsetke, yag`nıy ha`r ta`repleme rawajlang`an ka`mil shaxstı ta`rbiyalawg`a qarata is alıp barıwları tiyis.

Bala ushın shan`araq en` da`slepki ta`rbiya oshag`ı bolsa, mektep bul ta`rbiyadag`ı boslıqlardı ja`nede tolıqtırıp, ta`rtipke salıp, belgili bir maqsetke qaray bag`darlap baradı. Ken` ja`miyetshilik bolsa balanın` alg`an ta`rbiyasın a`melde sınap ko`riwge qaratılg`an ta`jiriybe-sınaw ha`mde tu`rli ta`rbiyalıq ta`sirler maydanı bolıp xızmet etedi. Ken` ja`miyetshilik arasında bala tu`rli jag`daylarg`a dus keledi ha`m tu`rli insanlar menen qatnasta boladı. Usınday protsesslerde balanın` ta`rbiyalang`anlıq da`rejeleri ko`zge taslanadı. Sonlıqtan- da mektep, shan`araq ha`m ken` ja`miyetshilik keleshek a`wladtı ta`rbiyalawda bir maqset, yag`nıy ka`mil insanlardı qa`liplsetiriwge qarata birgelikte is alıp barıwları tiyis. Mektep, shan`araq ha`m ken` ja`miyetshiliktin` bala ta`rbiyasındag`ı birgelikte islesiw mexanizmi tolıq iske tu`sken jag`dayda g`ana jas a`wladtı g`a`rezsizlik ruwxında, olardın` pikirlew ma`deniyatın qa`liplestiriw ha`m

ja`ne de rawajlandırıw, ulıwma barlıq ta`rbiya tu`rleri mazmunına say ta`rbiyalaw mu`mkinshiligi oyanadı.

Sonlıqtan–da 1998 jılı O`zbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw Ministrligi ta`repinen «Oqıwshılardı shan`araq, ma`ha`lle, mekteptin` birgeliktegi is alıp barıw» kontseptsiyası islep shıg`ıldı.

**A`debiyatlar:**


1. Karimov I.A. «Ba`rkamal a`wlad jılı» ma`mleketlik bag`darlamasın islep shıg`ıw ha`m a`melge asırıw boyınsha sho`lkemlestiriwshilik ilajları haqqında O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` biyligi. // «Ustaz jolı» gazetası, 12.12.2009, 1-bet.
2. Vzaimnoe otnoshenie shkolı, semeystva i obshestva. (klubnıy arxiv. Slova professora moskovskogo universiteta N.A.Sergievskogo, proiznesyonnıe 2 oktyabrya 1875 goda v Moskovskoy gimnazii Kreymana). // Direktor shkolı. 1998, № 1, str. 33-36.
3. Jalilov Sh. Mahalla yangilanish davrida. –T.; Mehnat, 1995.
4. Inomova M. Oilada bolalarni ma`naviy-axloqiy tarbiyalashda milliy qadriyatlar. –T.: Fan, 1995.
5. Uzoqov X., G`oziev E., Tojiev A. Oila etikasi va psixologiyasi. –T.: Wqituvchi, 1992.